

### Si ou pa kapab travay akòz yon maladi oswa yon blesi ki pa gen rapò ak travay, ou kapab gen dwa pou jwenn avantaj pou andikap.

1. Ou kapab gen dwa pou jwenn avantaj legal pou andikap akòz yon blesi oswa yon maladi ki pa gen rapò ak travay (san wete andikap akòz gwoès) apati uityèm jou konsekitif andikap la. Konpayi asirans patwon ou an ap voye avantaj pou andikap yo **dirèkteman ba ou**, li **pa ap** voye yo pa mwayen patwon ou an, sof si patwon an se yon asirè endepandan ki apwouve. Ou kapab pran jiska 26 semèn konje pou andikap a 50% nan mwayèn salè chak semèn ou an, ki gen yon plafon \$170 dola chak semèn. An jeneral, mwayèn salè chak semèn ou an se mwayèn salè pou uit (8) dènye semèn ou yo anvan ou te kòmanse peryòd andikap la. Patwon oswa sendika ou an kapab bay diferan avantaj, omwen ki gen menm posibilite ak sa lalwa prevwa a, nan kad yon plan oswa yon akò pou avantaj andikap ki apwouve.
2. Si ou pran Konje Peye pou Fanmi, kantite total konje pou andikap ak Konje Peye pou Fanmi ou an met ansanm, nan nenpòt peryòd 52 semèn konsekitif la, pa kapab depase 26 semèn. Ou pa kapab pran Konje Peye pou Fanmi ak konje pou andikap anmenmtan.
3. Nenpòt doktè, podyat (podiatrist), chiwopraktè, dantis enfimyè famsaj, oswa sikològ ki ka sètifye andikap ou a, kapab trete ou. Pa gen garanti pou fakti medikal ou yo, sof si patwon ak/oswa sendika ou a prevwa peye pou fakti medikal yo nan kad yon plan oswa yon akò pou avantaj pou andikap ki apwouve.
4. Patwon ou an **pa** kapab mande w renonse ak dwa ou genyen pou jwenn avantaj pou andikap. Anplwaye yo kapab kolekte yon maksimòm 60 santim/semèn pou konpanse prim asirans lan (sof si kontribisyon anplis la antre nan yon plan ki apwouve). **Yo pa kapab fè diskriminasyon oswa reprezay sou ou paske ou te mande oswa pran avantaj pou andikap.**
5. Si yo rejte reklamasyon ou an, patwon ou oswa konpayi asirans patwon ou an gen obligasyon pou voye yon **Avi pou Refi (Fòm DB-451)** pou ou nan espas 45 jou apre ou fin depoze reklamasyon an, avèk rezon ki fè yo pa peye pou avantaj yo. Si ou pa dakò, ou gen dwa pou mande Komisyon Konpansasyon Travayè a (Komisyon) revize dosye ou a, yon demann ou kapab fè lè ou ekri Komisyon an nan adrès ki anba adwat la.

**ENPÒTAN:** Si nan espas 45 jou apre w fin depoze reklamasyon ou an, ou pa resewva avantaj yo epi ou pa resewva yon **Fòm DB-451**, kontakte Komisyon an san pèdi tan nan **(877) 632-4996**.

### Pou Depoze yon Reklamasyon:

1. Jwenn yon **Avi ak Prèv Reklamasyon pou Avantaj Andikap (Fòm DB-450)**, swa nan men Komisyon an nan [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov), oswa nan men patwon ou an, konpayi asirans patwon ou an oswa pwofesyonèl swen sante ou a.
2. Suiv enstriksyon pou ranpli/soumèt fòm nan, ladan li gen yon seksyon pou pwofesyonèl swen sante ou a ranpli.
3. Soumèt fòm lan nan espas 30 jou ki vin apre premye jou andikap ou a. Si yo pa peye reklamasyon ou an byen vit, kontakte patwon ou oswa konpayi asirans li an. Si ou depoze demann ou an anreta, yo kapab pa peye pou nenpòt peryòd andikap ki plis pase de (2) semèn anvan dat ou te depoze demann lan. Kapab gen eskiz pou depo ki fèt anreta yo si ou kapab bay prèv ki montre, yon fason rezonab, li pa t posib pou depoze li pi bonè. Yo p ap peye avantaj yo si ou depoze demann lan plis pase 26 semèn apre peryòd andikap ou a kòmanse, oswa apre ou retounen travay.

### Pa panse patwon ou an te depoze yon reklamasyon nan non ou: depoze yon reklamasyon se yon responsabilite.

Nòt: Si w vin gen andikap la akòz yon aksidan machin, epi ou te depoze yon reklamasyon pou avantaj san fot (no-fault), **ou dwe** ranpli yon **Fòm DB-450** pou avantaj andikap tou. Si ou pa fè depo avantaj pou andikap, konpayi san fot la kapab diminye sou pèman san fot ou a.

**ENPÒTAN:** Nan ka sa a, si ou pa gen dwa pou jwenn avantaj pou andikap, fè konpayi asirans san fot la konn sa san pèdi tan.

**POU EDE OU JWENN YON FÒM REKLAMASYON OSWA POU RANPLI LI, OSWA SI OU GEN LÒT KESYON SOU AVANTAJ POU BLESİ OSWA MALADI KI PA GEN RAPÒ AK TRAVAY OU, TANPRI RELE (877) 632-4996. YON REPREZANTAN KOMISYON AN AP EDE OU.**

Enfòmasyon sa a se yon prezantasyon senplifye sou dwa ou genyen jan Seksyon 229 Lwa sou Avantaj pou Andikap ak Konje Peye pou Fanmi an mande sa. Konpayi asirans patwon ou pou avantaj andikap la se:

SE PREZIDAN KOMISYON KONPANSASYON  
TRAVAYÈ A KI PRESKRI LI  
KOMISYON KONPANSASYON TRAVAYÈ  
NYS Workers' Compensation Board  
Disability Benefits Bureau  
PO Box 9029, Endicott NY 13761-9029

[WCB.NY.GOV](http://WCB.NY.GOV)